



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ MURPHY, GOUVÈNÈ LAMONT, GOUVÈNÈ WOLF,
GOUVÈNÈ CARNEY, GOUVÈNÈ RAIMONDO AK GOUVÈNÈ BAKER ANONSE
NOMINASYON YO NAN KONSÈY ANT PLIZYÈ ETA POU FÈ MOUN YO RETOUNEN
TRAVAY EPI RETABLI EKONOMI AN**

***Nominasyon yo gen ladan yon ekspè nan sante, yon ekspè nan devlopman
ekonomik ak Chèf kabinè respektif ki sòti nan chak Eta***

Gouvènè New York la, Andrew M. Cuomo, Gouvènè New Jersey a, Phil Murphy, Gouvènè Connecticut la, Ned Lamont, Gouvènè Pennsylvania a, Tom Wolf, Gouvènè Delaware a, John Carney, Gouvènè Rhode Island lan, Gina Raimondo, Gouvènè Massachusetts la, Charlie Baker te anonse jodi a nominasyon yo pou konsèy ant plizyè Eta a pou retabli ekonomi an ak fè moun retounen travay. Nominasyon yo gen ladan yon ekspè nan sante, yon ekspè nan devlopman ekonomik ak Chèf Kabinè Respektif ki sòti nan chak Eta.

Nominasyon pou chak Eta gen ladan:

New York

- Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè a
- Robert Mujica, Direktè Divizyon Bidjè NYS la
- Michael Dowling, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell Health

New Jersey

- Georges Helmy, Chèf Kabinè Gouvènè a
- Dr. Richard Besser, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Fondasyon Robert Wood Johnson ak anysen Direktè Pwovizwa Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo
- Jeh Johnson, ansyen Sekretè Sekirite Enteryè Etazini sou administrasyon Prezidan Barack Obama

Connecticut

- Paul Mounds, Jr., Chèf kabinè nan Biwo Gouvènè a
- Indra Nooyi, Ko-prezidan òganizasyon san bi likratif AdvanceCT ak ansyen prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral PepsiCo
- Dr. Albert Ko, Pwofesè epidemyoloji ak medsin ak prezidan depatman nan Fakilte Sante Piblik Yale (Yale School of Public Health) la

Pennsylvania

- Michael Brunelle, Chèf kabinè, Biwo Gouvènè a
- Sekretè Dr. Rachel Levine, Depatman Sante
- Sekretè Dennis Davin, Depatman Devlopman Kominotè ak Ekonomik (Department of Community and Economic Development)

Delaware

- Sheila Grant, Chèf kabinè, Biwo Gouvènè a
- Dr. Kara Odom Walker, Sekretè, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Social Services) Delaware
- Kurt Foreman, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Patenarya pou Pwosperite Delaware (Delaware Prosperity Partnership)

Rhode Island

- David Ortiz, Chèf Kabinè Gouvènè a
- Nicole Alexander-Scott, MD, MPH, Direktè Depatman Sante Rhode Island
- Stefan Pryor, Sekretè Komès Rhode Island

Massachusetts

- Kristen Lepore, Chèf kabinè
- Michael Kennealy, Sekretè Biwo Egzekitif pou Devlopman Lojman ak Ekonomik (Office of Housing and Economic Development)
- Lauren Peters, Sousekretè nan Biwo Egezekitif pou Sante ak Sèvis Sosyal (Executive Office of Health and Human Services) la

"Nou te kolabore depre avèk Eta vwazen nou yo pou konbat pandemi sa a atravè yon apwòch inifòm pou distans sosyal ak rediksyon dansite epi sa te mache byen. Kounye a, li lè pou nou kòmanse louvri valv la dousman epi pandan n ap siveye ak atansyon kontè pousantaj enfeksyon an pou nou pa deklanche yon dezyèm vag nouvo enfeksyon", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se pa yon bouton limyè ke nou ka jis peze epi tout bagay tounen nòmal - nou dwe vini ak yon estrateji ki entèlijan, koyeran pou redemare sistèm nou te fèmen yo ak fè moun yo tounen travay, epi nan mezi sa posib nou vle fè sa atravè yon apwòch rejyonal paske nou se yon ekonomi rejyonal. New York ap fè patenarya avèk senk Eta pou kreye yon konsèy ant plizyè Eta ki pral vini avèk yon estrikti ki chita sou syans ak done pou gradyèlman fasilite restriksyon pou rete lakay la epi fè ekonomi nou an tounen fonksyonèl."

Gouvènè Phil Murphy te deklare, "Pa gen moun ki plis panse sou sa oswa ki pi cho pou redemare ekonomi nou an pase mwen, men si nou pa reyalize sa kòm sadwa, n ap mete plis lavi an danje. Sèl chemen pou mennen nan yon retablisman ekonomik dirab se atravè yo retablisman swen sante ki djanm. Answit, ak sèlman lè sa a, n ap mete nou nan yon pozisyon pou redemare konplètman ekonomi nou an epi fè rezidan yo nan Eta nou an retounen travay pandan n ap minimize danje maladi sa a. Yon apwòch kowòdone, rejyonal, ki monte atravè yon konsèy ekspè ant plizyè eta pral ede nou evite gwo regresyon avèk konsekans ki ta ka katastwofik. Mwen pa ka tann jou lè reyalite teren yo pral pèmèt nou fasilite restriksyon nou yo epi pèmèt ekonomi rejyonal nou an avanse".

Gouvènè Ned Lamont te deklare, "Yon bagay nou pa ka nye sè ke viris sa a pa kanpe nan fwontyè okenn konte, Eta oswa peyi men enpak la se menm lan lè sa gen pou wè ak ekonomi ak sistèm swen sante respektif nou yo. Lè nou travay kòm yon kowalisyon rejyonal pou pran bon desizyon yo, sa pral mennen nan pi bon rezilta sou sante piblik pou tout rezidan nou yo. Nou dwe rezoud pwoblèm sa yo ansanm".

Gouvènè Tom Wolf te deklare, "Pi gwo priyorite nou rete pwoteksyon sante ak sekirite rezidan pennsylvania yo. Pandan administrasyon mwen an kontinye pran mezi enpòtan pou redui pwopagasyon COVID-19 la, mwen rekonèt tou ke nou dwe gade devan ak pran yon apwòch mezire, pridan pou prepare pou lavni pandan n ap asire ke nou pa defèt tout efò nou yo. Pennsylvania pral travay ansanm avèk patnè nou yo nan Eta a ak Eta ozalantou yo pou devlope yon estrateji global ki konsantre dabò sou sante men ki abòde tou bezwen pou retabli gradyèlman ekonomi nou an".

Gouvènè John Carney te deklare, "Nou toujou gen yon sityasyon nan Delaware k ap vini pi mal. Enfeksyon COVID-19 la ak ospitalizasyon yo ap ogmante. Rezidan Delaware yo dwe rete lakay. Pa sòti nan piblik si sa pa nesèsè. Pa fè vizit nan Delaware amwenske ou bezwen wè yon doktè oswa pran swen yon manm fanmi. Ou ap ogmante risk tout moun. An menm tan, nou dwe gade devan. Nou bezwen yon apwòch koyeran pou retire Eta nou yo nan kriz sa a, lè jou a rive. Mwen rekonesan pou patenarya kolèg Gouvènè mwen yo nan rejyon an. Yo tout ap travay lajounen ak lannuit pou anpeche gwo vag nan ka COVID-19 yo, pwoteje kapasite lopital yo pou pasyan ki pi grav yo ak sove lavi. N ap rive travèse sityasyon sa lè nou travay ansanm".

Gouvènè Gina Raimondo te deklare, "Eta yo pran devan pandan n ap batay pou ralanti pwopagasyon kowonaviris la epi sove lavi. Mwen fyè de mezi nou te pran yo epi mwen toujou ap panse sou travay sa pral mande pou redemare ekonomi nou an. Men nou konnen ke viris sa a pa rekonèt fwontyè epi sa klè ke nou bezwen yon apwòch rejyonal ki djanm ak kowòdone pou evite yon dezyèm vag maladi sa a. Mwen rekonesan anvè kolèg Gouvènè mwen yo pou lidèchip yo pandan kriz sa a epi mwen konfyan ke nouvo patenarya sa a pral sipòte efò nou yo pou fè rezidan Rhode Island yo -- ak tout Ameeriken yo -- tounen nan travay san danje".

Gouvènè Charlie Baker te deklare, "Administrasyon Baker-Polito a pa ka tann pou patisipe nan diskisyon avèk Eta avwazinan yo ak ekspè yo konsènan repons kontini kont pandemi COVID-19 la. Massachusetts rete konsantre tou sou efò yo pou etann tès yo, asire kapasite lopital yo ak bay Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) nesèsè pou sila ki nan premye liy yo pou ralanti pwopagasyon COVID-19 nan kominote nou yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)